



Konsiy:

- 1) Li entèdi pou gen selilè nan sal la.
- 2) Ou pa gen dwa pale nan sal la.

“Sitiyasyon Katastwòf yo”

Sitiyasyon katastwòf tankou: konfli, katastwòf natirèl ak epidemi ka fè fanmi yo vin pi frajil devan yon senp danje tankou: maladi, malnitrisyon ak vyolans. Depi fanmi yo ak moun nan kominote yo jwenn tout bon enfòmasyon ak sipò pou yo jwenn yo, yo kapab deside tout sa pou yo fè lè yo nan sitiyasyon katastwòf yo.

Se timoun ak medam yo ki plis victim nan sitiyasyon ijans yo. Pou lane 2007 la, yo kontwòle 26 milyon moun ki te oblije deplase kite lakay yo akòz konfli oubyen zak vyolans. Mete sou sa, yo kontwòle gen prèske 50 milyon moun ki blije kite kote yo te rete yo akòz katastwòf natirèl. Chanjman k ap nan klima planèt la kapab fè kantite sa a vin pi plis.

Sitiyasyon kote gen yon bon valè moun nan popilasyon yo ki blije kite zòn kote yo t ap viv pou y al viv lòt kote yo ap depafini tout mwayen moun yo te genyen nan men yo pou yo viv. Sa konn lakòz separasyon nan fanmi yo. Timoun yo vin pi fasil viktim diskriminasyon, move tretman, vyolans, lamizè ak esplwatasyon.

Konfli ak katastwòf natirèl se sitiyasyon ki ka fè timoun soufri malnitrisyon oubyen divès kalite maladi. Moun yo vin gen plis tèt chaje pou yo jwenn sèvis sante epi yo vin pa ka jwenn manje jan pou yo ta jwenn li. Moun yo vin mal pou yo jwenn dlo sitou lè gen plis moun ki bezwen dlo e lè kondisyon liyèn yo pa respekte. Timoun vin pa ka al lekòl menm jan ankò, paske gen moun ki vize lekòl yo pou yo fè move zak tankou atak ak kidnaping, nan menm tan sa a, vin ap gen mank pwofesè ak mank founiti. Nan kalite sitiyasyon konsa, moun nan popilasyon an vin gen plis posiblite pou yo trape enfeksyon VIH la.

Lè gen eskonbrit, tifi ak ti gason vin pi fasil tonbe anba men fòs lame ak gwoup moun ak zam k ap anwole moun pou lagè. Tankou medam yo, tifi yo ak tigason yo ka pi vit viktim kidnaping, yo ka viktim nan komès ilegal moun ak zak vyolans seksyèl tankou zak kadejak.

Yon epidemi k ap frappe plizyè peyi sou latè oubyen yon epidemi k ap frappe anpil moun nan popilasyon an gen dwa kapab tou pwofite parèt nan yon sitiyasyon katastwòf, konsa tou, yon epidemi gen dwa kapab kreye yon sitiyasyon katastwòf tou. Sitiyasyon katastwòf kapab vle di: se maladi a ki kapab vin pi grav, konsa tou katastwòf sa a ka sòti nan kalite repons moun nan kominote a jwenn pou pwoblèm nan.

Yon pandemi se yon epidemi ki gaye toupatou, anpil fwa, li travèse fontyè anpil peyi. Yon pandemi grip sòti nan yon nouvo viris ki kwaze ak yon popilasyon ki san defans oubyen prèske san defans. Se trapde yon epidemi ka gaye sou latè, li ka ale epi li retounen tanzantan, yo pa ka prevwa ki reyaksyon li pral remèt. Timoun piti, ki poko gen de (2) lane, fasil pou trape grip ak lòt enfeksyon.

Se dwa timoun ansanm ak fanmi yo pou yo jwenn pwoteksyon, enfòmasyon ak èd yo bezwen pou yo prepare tèt yo lè sitiyasyon konplike yo parèt sou yo.

Premye pati (6 pwen pou chak kesyon)

A) Konpreyansyon tèks

- 1- Eksplike kisa yon sitiyasyon katastwòf ye.
- 2- Kisa yon pandemi ye? Bay ekzanp yon pandemi ou konnen ki domine aktyalite a.
- 3- Kòman yon epidemi oswa yon pandemi ka vin kreye yon sitiyasyon katastwòf?
- 4- Ki konsekans grav konfli ak katastwòf natirèl ka genyen sou timoun yo?
- 5- Ki dwa timoun yo ak fanmi yo genyen lè gen katastwòf natirèl?

B) Gramè – Vokabilè – Tradiksyon

- 1- Men yon fraz: “Pòl kouri ale chèche yon doktè pou malad la.” (6 pwen)
 - a) Kòman gwoup vèb ki souliye nan fraz la rele? Ekri yon lòt fraz ki imite menm kalite modèl gwoup vèb sa a.
- 2- Jwenn de (2) rezo leksikal: youn gen rapò ak lafanmi; lòt la gen rapò ak katastwòf. (6 pwen)
 - Nan ki sans otè a itilize rezo laksikal sa yo?
- 3- Endike nati mo ki souliye nan fraz pi ba yo. (4 pwen)

Fraz	Nati mo yo
<u>Nenpòt</u> moun ka viktim nan katastwòf.	
Ou mèt prete <u>nenpòt</u> nan sa yo.	
Marenn mwen <u>la</u> jodi a.	

Konesans Pou n Sove Lavi, p. 181 4^{em} edisyon 2012, UNICEF
Marenn mwen remèt kay la.

- 4- Endike 3 endis tan, 3 endis pèsòn ak 3 endis espas (lye) nan tèks la.
- 5- Tradui dezyèm paragraf tèks la an fransè. (4 pwen)
- 6- Ki sans tèm sa yo genyen nan lang nan: (6 pwen)
 - a) Zak kadejak
 - b) Tizonnay seksyèl
- Ch) Pandemi
- 7- Fè reprezantasyon grafik fraz sa a: (4 pwen)
“Tout timoun merite gwo pwoteksyon nou”.

Dezyèm pati (40 pwen)

Ch) Pwodiksyon ekri: Chwazi youn nan (2) sijè pi ba yo :

- 1- Ayiti se yon peyi ki frajil anpil, e byen souvan popilasyon an viktim lè gen sitiyasyon katastwòf. Kisa ki lakòz frajilite sa a? Vin ak bonjan agiman solid pou montre li posib pou pwoteje lavi pèp la lè gen sitiyasyon katastwòf.
- 2- Gen yon gwoup jèn ki panse pandemi kovik-19 la pa t rive ditou an Ayiti, se te sèlman yon politik. Men gen yon lòt gwoup jèn ki kwè pandemi sa a te bèl e byen rive nan peyi a. Sepandan dezyèm gwoup la avanse gen anpil aspè natirèl ki pwoteje nou. Vin ak bon jan agiman pou kore pwennvi chak gwoup jèn sa yo tout pandan w ap fè yon sentèz ki ekilibre rezonman yo.